Notifikasyon pou paran konsènan ansèyman lang anglè

Non Distri a : Match Charter Public School

Ane lekòl : 2026-2027

Chè Parent/Guardian,

Pou yo konfòme yo avèk egzijans eta a, distri eskolè yo dwe enfòme paran elèv lang matènèl yo pa anglè sou dwa yo ka genyen konsènan ansèyman lang anglè (ELE). Distri a pral egzamine pitit ou a pou detèmine si l se yon elèv k ap aprann anglè. Si yo jwenn pitit ou a se yon elèv k ap aprann anglè epi li elijib pou plasman nan yon pwogram ELE, w ap resevwa plis notifikasyon ak rezilta tès konpetans an anglè pitit ou a ak enfòmasyon sou plasman pwogram nan.

Si yo detèmine pitit ou a se yon timoun k ap aprann anglè, ou gen dwa pou :

- chwazi yon pwogram ELE pami sa distri a ofri yo jan sa dekri nan lwa ak règleman eta a ;
- vizite yon pwogram ELE nan distri a ;
- ale nan konferans oswa reyinyon ki disponib pou aprann plis sou pwogram ELE yo ofri nan distri a ;
- mande yon nouvo pwogram ELE an akò avèk lwa eta a ; epi
- retire pitit ou a nan yon pwogram ELE.

Pwogram ELE ki disponib yo enkli (sèk oswa mete aksan sou tout sa ki aplike) :

☑ **Imèsyon an anglè nan klas adapte (SEI)** – yon pwogram ELE kote yo itilize ansèyman kontni nivo klas ki adapte. Ansèyman kontni adapte se ansèyman kontni ki modifye pou yon elèv k ap aprann anglè ka konprann li epi patisipe nan klas la nan nivo konpetans li nan lang anglè. Tout ansèyman ak materyèl yo an anglè.

☐ Ansèyman nan de lang oswa Imèsyon nan de sans (TWI) – yon pwogram ELE ki devlope konpetans lengwistik elèv yo nan de lang (anglè ak yon lòt lang). Pwogram sa a gen ladan elèv ki pale anglè kòm lang matènèl yo ak elèv ki pale yon lòt lang kòm lang matènèl.

☐ **Tranzisyon bileng (TBE)** – yon pwogram ELE kote yo itilize lang matènèl elèv k ap aprann anglè a pou sipòte devlopman elèv la nan lang anglè ak aprantisaj kontni yo, epi apre sa soti nan ansèyman an gradyèlman amezi konpetans elèv la ap ogmante an anglè.

☐ **Lòt pwogram bileng** – lòt pwogram ansèyman bileng pou elèv k ap aprann anglè (Imèsyon nan de sans oswa Ansèyman bileng pou Tranzisyon).

Tout pwogram ELE yo gen ladan ansèyman **anglè kòm dezyèm lang (ESL)**. Klas ESL yo bay ansèyman dirèk nan lang anglè ki konsantre sou devlope konpetans pale, tande, li ak ekri an anglè.

Konsèy konsiltatif paran elèv k ap aprann anglè (ELPAC)

Distri k ap sèvi 100 oswa plis elèv k ap aprann anglè oswa kote elèv k ap aprann anglè yo reprezante omwen 5% popilasyon elèv la, nenpòt sa ki pi piti a, yo oblije etabli yon konsèy konsiltatif paran elèv k ap aprann anglè (ELPAC). Menm jan an tou, nenpòt lekòl ki deziyen kòm lekòl move pèfòmans oswa

ki pèsiste avèk yon move pèfòmans epi ki gen yon pwogram ELE oblije etabli yon ELPAC. Nou ankouraje paran elèv k ap aprann anglè yo patisipe nan konsèy sa yo.

So alfabetizasyon bileng Eta Massachusetts

So alfabetizasyon bileng Eta Massachusetts la se yon siy rekonans pou elèv ki metrize anglè avèk youn oswa plizyè lòt lang. Yo mete senbòl la sou diplòm ak / oswa relve nòt yo lè yo gradye pou enfòme enstitisyon edikasyon siperyè yo ak potansyèl anplwayè yo sou konpetans diplome a ki pale plizyè lang.

Pou plis enfòmasyon sou sijè ki diskite nan avi sa a, pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ELE distri a ofri, oswa pou mande yon reyinyon oswa konferans tanpri itilize enfòmasyon kontak ki anba a.

Non: Jessica Goldberg

Telefòn : _____

Imèl : jessica.goldberg@matchschool.org